



Resevwa peman reklamasyon
avantaj andikap ou nan depo dirèk!

Depo Dirèk

New York State Insurance Fund
nysif.com

NYSIF ofri a moun k ap reklame avantaj pou andikap (disability benefits) pou yo resevwa avantaj pou andikap yo a nan depo dirèk. Avèk kolaborasyon enstitisyon finansye ou, NYSIF ka depoze peman avantaj ou yo dirèkteman nan kont labank ou.

EGZIJANS POU KALITE KONT LA

Chwazi yon sèl kont: Kont Chèk oswa Kont Depay. Ranpli tout enfòmasyon yo sou fòm pou depo dirèk la, ansanm ak nimewo woutaj bank ou an epi nimewo kont ou (gade foto a). Si w bezwen èd, kontakte bank ou an.



Nimewo Woutaj Nimewo Kont

ANILASYON

Akò sa a rete valab jiskaske li anile. Pou anile akò ou an, ale nan nysif.com, enskri kòm yon moun k ap fè reklamasyon epi seleksyone chwa “unsubscribe from direct deposit” (anile enskripsyon pou depo dirèk). Anplisdesa, pou anile akò a, ou ka kontakte responsab dosye NYSIF ou an nan nysif.com si w sèvi avèk Lyen Rapid (Quick Links) nou yo “Find My Case Manager” (Jwenn Responsab Dosye mwen). NYSIF oswa enstitisyon finansye ou an ka anile akò sa a tou. Nan kèlkanswa ka, ou pral resevwa chèk annapre yo pa lapòs. Anilasyon an ka pran jiska twa semèn pou yo fin okipe de li.

CHANJMAN NAN KONT OU

Ou responsab fè NYSIF konnen sa si gen nenpòt ki chanjman nan enfòmasyon kont labank ou an (chanjman nan nimewo kont, chanjman bank, elatriye). Pou avèti NYSIF, soumèt yon nouvo aplikasyon pou depo dirèk, ki disponib nan nysif.com.

Si w chanje kont ou yo oswa ou chanje bank, ou dwe kenbe ansyen kont ou an jiskaske nouvo kont ou an resevwa pwochen peman depo dirèk ou. Si w pa kenbe ansyen kont la, sa ka fè ou jwenn yon reta nan peman jiskaske nouvo otorizasyon depo dirèk ou an vin valab.

VERIFIKASYON DETANZANTAN

NYSIF ka kontakte w detanzantan pou konfime enfòmasyon konsènan kont depo dirèk ou an. Si benefisyè a pa vivan ankò, avèti NYSIF tousuit.

POU RESEVWA AVANTAJ YO NAN DEPO DIRÈK, FIN RANPLI FÒM SA A NÈT EPI VOYE LI TOUNEN NAN ADRÈS KI MAKE ANBA A. POU JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU DWA OU GENYEN KONSÈNAN DEPO DIRÈK, ALE NAN NYSIF.COM/DIRECTDEPOSIT.

NON (PRENON, DEZYÈM PRENON, NON FANMI):	NIMEWO REKLAMASYON AVANTAJ NYSIF POU ANDIKAP:
ADRÈS LAKAY OU (PA SÈVI AK NIMEWO BWAT POSTAL): _____	
VIL: _____	ETA: _____ KÒD POSTAL: _____
ADRÈS IMÈL OU: _____	
TELEFÒN: _____	
CHWAZI KONT POU FÈ DEPO DIRÈK (CHWAZI YONN SÈLMAN): <input type="checkbox"/> CHÈK <input type="checkbox"/> EPAY	
(RANPLI TOUT ENFÒMASYON YO ANSANM AK NIMEWO KONT OU AK NIMEWO WOUTAJ BANK OU AN. KONTAKTE ENSTITISYON LABANK OU AN SI OU BEZWEN ÈD POU RANPLI SEKSYON SA A.)	
NON ENSTITISYON LABANK LAN: _____	
NIMEWO WOUTAJ _____	NIMEWO KONT _____
SÈTIFIKASYON AK OTORIZASYON DEPOZAN/BENEFISYÈ A	
<p>POUTÈT MWEN SIYEN FÒM SA A, MWEN BAY FON ASIRANS ETA NEW YORK OTORIZASYON POU FÈ PEMAN DIRÈK NAN ENSTITISYON FINANSYE MWEN EKRI NON LI ANWO A, POU YO DEPOZE LAJAN AN SOU KONT MWEN DEZIYEN AN. MWEN SÈTIFYE MWEN ANDWA POU RESEVWA PEMAN KONPANSASYON OSWA LAJAN RÈGLEMEN KI PRAL GENYEN YO, EPI SIKONSTANS YO KI BAN MWEN DWA POU JWENN AVANTAJ NAN NYSIF PA TE CHANJE. SIZOKA SIKONSTANS KI TA KA AFEKTE DWA MWEN GENYEN POU RESEVWA PEMAN TE CHANJE, MWEN DWE AVÈTI NYSIF. POU APLIKE POU DEPO DIRÈK, MWEN KONPRANN MWEN DWE BAY YON ADRÈS IMÈL. POUTÈT MWEN SOUMÈT APLIKASYON SA A, MWEN DAKÒ POU RESEVWA AVÈTISMAN ELEKTWONIK NAN ADRÈS IMÈL MWEN BAY LA.</p>	
SIYATI: _____	DAT LA: _____

VOYE APLIKASYON OU FIN RANPLI A PA LAPÒS NAN:

**DOCUMENT CONTROL CENTER
NEW YORK STATE INSURANCE FUND
1 WATERVLIET AVENUE EXT.
ALBANY, NY 12206-1649**